



Mayor Michelle Wu

# SÈVIS ENSPEKSYON NAN BOSTON

## Lisans pou Atelye Machin

Jan sa di nan Òdonans sou Atelye Mekanik nan vil Boston tout biznis ki konsève, repare oswa vann machin oswa pwodui pou machin dwe aplike pou yon lisans, epi yo dwe peye yon frè \$100 nan Depatman Sèvis Enspeksyon Boston (Boston Inspectional Services Department), Divizyon pou Sèvis Anviwònman (Environmental Services Division) 1010 Massachusetts Ave. 4yèm Etaj, Boston, Ma 02118. Moun ki fenk fè demann lan ap gen pou peye yon sèl frè enskripsyon ki se \$50. Òdonans sou Atelye Mekanik la asire yon rediksyon nan enpak li gen sou katye yo ak anviwònman an atravè fòmasyon pou tout kòd ki aplikab yo.

Anplis, Òdonans pou Pwòpte sou Sit ki Boston yo egzije tout etablisman ak biznis machin ki itilize gwo konntenè pou jete fatra pou yo genyen yon lisans pou Pwòpte sou Sit la, epi peye yon frè \$50.00. Òdonans sa a egzije biznis ki gen gwo konntenè pou jete fatra pou [aplike](#) pou yon lisans nan [Depatman Sèvis Enspeksyon Boston](#)

*Nou kapab voye Aplikasyon Konplè ak pèman yo pa lapòs, oswa depoze yo nan Inspectional Services Department, Environmental Services - 1010 Massachusetts Ave. Boston, MA 02118*

### Lè ou pa respekte kondisyon sa yo, li kapab lakòz ou fè yon vyolasyon

Lè ou pa respekte kondisyon pou lisans ki gen anwo a, li ka lakòz ou resevwa amann nan men ISD atravè yon Kontravansyon pou Aplikasyon Kòd la. Nou mete anba a limit ki defini epi ki vini youn apre lòt pou amann yo:

1ye enfraksyon	\$100.00
2yèm enfraksyon	\$250.00
3yèm enfraksyon	\$500.00

(Haitian Creole)



Sèvis Anviwònman, 1010 Mass Ave. Boston, MA 02118, 617-635-5300